

**РÆСУГЪД МЕТ ДÆР БÆРГÆ 'Й, ФАЛ СИ КЪÆХТÆ БА СУЙГÆ КÆНУНЦÆ!..**

***Рагон китайаг дзурддзæугæ лæг Конфуций дзоридæ: «Пайдайаг хæлæрттæ æртæ 'нцæ, фудзæрдитæ дæр æртæ 'нцæ. Пайдайаг хæлар æй æргомзæрдæ, раст æма фæууиндгун. Фудзæрдитæ ба – мæнгард, цæстæмæмиутæгæнæг æма дзæнгæдацæгъдæг...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№4 (924) 2024 анзи 3 февраль – комахсæни мæйæ

Аргъ 1 туман

**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»**

2024 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.
Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИМБЕСÆН ÆЙ 368 СОМИ ÆМА 10 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 324 СОМИ ÆМА 48 КЪАПЕККИ.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.




БРИТЪИАТИ Зарифæ



ТУЙГЪАНТИ Дзерассæ

# ÆЦÆГÆЙ ЦИТГИН АДÆЙМАГ НИН ÆНОСТÆМÆ ДÆР ЦИТГИЙНАГ УОДЗÆНÆЙ!..

**Бритъиати Зарифæ æма Туйгъанти Дзерассæ... Аци дууæ номдзуд силгоймагемæн кæд сæ цардвæндаги хабæрттæ бустæги фæйнæхузон рауадæнцæ, уæддæр си алке карнæ дæр æмхузон агъазиау разиндтæй – сæ алæмæти искурдиæдти фæрци удуæлдайæй фæййархайдтонцæ нæ адæми кадгин кæнуни, æнæгъæнæ дуйней дзиллитæн нæ Иристони цитгиндзийнадæ бавдесуни сæрбæлтау. Æма уомæ гæсгæ ба ихæсгин ан аккаг аргъ син кæнунæй. Абони ба сæ уомæ гæсгæ имисæн, æма Уæрæсей адæмон артисткæ, Цæгат Иристони аййевæдти æскъуæлхт архайæг, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат Бритъиати Елбиздихъой кизгæ Зарифи райгурдбæл 18 январи исæнхæст æй фондз æма фондзинсæй анзи (1919-2001). Уæрæсей æма Цæгат Иристони адæмон артисткæ, цирки аййевади Еугурцæдесон конкурси лауреат Туйгъанти Михали кизгæ Дзерасси райгурдбæл ба 4 феврали æнхæст кæнуй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1929-2020). Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 4-7-аг фæрстæбæл.**



**ХУАРЗ РАКÆНУН УОДИБÆСТÆ ÆЙ!..**

## КÆСТÆРТИ АРФИАГ ХЪÆППÆРЕС

Сæрмагонд æфсæддон архайгутæн фæййагъаз кæнуни нисанеуæгæй æрæги Чиколай арæзт æрцудæй хуæрзауодæн мадзал. Гъæуи бæрæгастæу армукъай æвæрд æрцудæнцæ аллихузон дзаумæуттæ, кæцити сæхе къохтæй искодтонцæ гъæуи æртиккаг скъолай ахурдзаутæ. Уой фæдбæл аци скъолай ахургæнæг **Увжихъоти Зæлинæ** уотæ радзурдта:

– Махмæ ес къуар «Арæхстгин къохтæ», кæцими архайунцæ фæндзæймаг-æвдæймаг кълæсти ахурдзаутæ. Мæнæ абони армукъай ци дзаумæуттæ æвæрд ес, уони искæнунбæл фæккустан æнæгъæнæ мæйи дæргъи. Хъæбæр нæ фæндадтæй сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн, ци нæ бон исуа, уомæй фæййагъаз кæнун – алли мæйæ дæр уонæн нæ районæй æрвист цæуй гуманитарон агъаз, æма си нур ба уодзæнæй мах хай дæр.

Армукъай фæрци ци фæрæзнитæ æрæмбурд кæнун бантæса, уонæй нæ тугъдонтæн балхæнддзæнæнцæ æма син рарветдзæнæнцæ гъар дзаумæуттæ.


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Фидибæстæ гъæуайгæнæги Бони кадæн политикон парти «Еугонд Уæрæсе» æнхæст кæнун райдæдта хуæрзауодæн акци «Гъар – Бæгъатæрæн», æ нисан æй – сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй ка фæццæф æй æма нуртæккæ медицинон косæндæнтти ке дзæбæх кæнунцæ, еци адæмæн æма сæ бийнойнæгтæн гъар уæледарæс,***

## АХУРАДÆ



Нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг Плати Альбинæ æрæги ци æмбурд исаразта, уоми дзубанди кодтонцæ 2024 анзæй фæстæмæ регионалон конкурс «Республикæ Цæгат Иристон-Аланий анзи педагог» исаразуни туххæй. Нуриуæнгæ дæр нæ ахургæнгутæ архайдтонцæ куд уæрæсейаг, уотæ нæхемæ арæзт аллихузон еристи: «Уæрæсей анзи ахургæнæг», «Уæрæсей анзи гъомбæлгæнæг», «Ирон æвзаг æма литератури хуæздæр ахургæнæг», «Хуæздæр гъомбæлгæнæг» æма æндæрти. Нури нæуæг арæзт регионалон конкурси уодзæнæй дæс номинаций. Еума конкурс ба уодзæнæй уæлæнхасæн ахуради косгутæн æма хундзæнæй «Зæрдæ дæттун сувæллæнттæн». Ациеристæ арæзт цæудзæнæнцæ еци-еу рæстæг.

## МАДДÆЛОН КАПИТАЛ



Евгъуд анзи маддæлон капитали фæрци нæ республики 3500 бийнонти фæххуæздæр кодтонцæ сæ цæрæнбунæтти уавæртæ. Еци гъуддаги фæдбæл харзгонд æрцудæй дууæ миллиард соми. Тæккæ ахиддæр нийййерæги капиталæй Цæгат Иристони бийнонтæ пайда кæнунцæ цæрæнуæттæ æлхæнгæй. Сæрмагонд сертификат барæ дæттуй кооперативмæ бацæунæн, кенæ æфстау райсунæн. Гæнæн ес æфстæуттæ нæ райсгæй, хæдзарæ аразунæн дæр. Æхцайæй испайда кæнун æнгъезуй, айдагъдæр си сувæллонбæл æртæ анзи ку исæнхæст уа, уæд. Сувæллонгин бийнонтæн агъаз кæнуни паддзахадон программæ косуй нæ бæсти 2007 анзæй нурмæ. Уæдæй абони уæнгæ Цæгат Иристони нийййерæги капитал райстонцæ 75 мин бийнонти, уонæй 44 мини 300 бийнонти фæххуæздæр кодтонцæ сæ цæрæнуæтти уавæртæ.

## АУОДУНДЗИЙНАДÆ



Нæ республики сæдæ бийнонтæй фулдæр райсдзæнæнцæ цæрæнуатон субсидитæ. Еци гъуддаг ци программæмæ гæсгæ арæзт цæуй, уой медес уæхæн æй, æма паддзахадæ æхуæдæг бафедуй фатери аргъæн æ еу хай, æма уой туххæй фæрæзнитæ лæвæрд цæунцæ субсидити хузи. Феддони бæрцæ аразгæ ’й, бийнонтæ цал æнцæ, уомæй: æригон лæг æма уосæ сæ сувæллæнтти хæццæ райсдзæнæнцæ 35 проценти æ аргъæй, æнæсувæллонгин бийнонтæ – 30 проценти. Уосæ кенæ лæгбæл гъæуама 35 анземæй фулдæр ма цæуа. Уомæй уæлдай бийнонтæ гъæуама нимад цæуонцæ, сæ цæруни фадуæттæ фæххуæздæркæнуйнаг кæмæн æнцæ, уæхæнттæбæл. Фарæ сæ цæруни уавæртæ уæхæн хузи фæххуæздæр кодтонцæ 93 æригон бийнонти.

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ. НИСАНТÆ.

Уæрæсей Президент Владимир Путин байхæс кодта, цæмæй нæ бæсти 2028 анзи уæнгæ цæттæгонд æрцæуа, кустадон къабæзти ахсгиагæй ка гъæуй, уæхæн дæсни специалисттæ – тæккæ минкъийдæр еу миллиони бæрцæ. Нæ республики ес 27 астæуккаг профессионалон ахургæнæндони, алли дæсниæдтæбæл си нуртæккæ ахур кæнунцæ 19 мин студентемæй фулдæр, гъома, уæлдæр ахургæнæндæнтти студентти бæрцæмæ хæстæг.

* * *

**Сæрмагонд ахурадон æма профориентацион проект «Билет исонибонмæ»– йи цæгатиристойнаг скъоладзаутæй ка архайуй, уони нимæдзæ фæстаг фондз анземæ иссæй 28 миней бæрцæ. Уонæй беретæ сæхе бавзурстонцæ программист, хуæруйнаггæнæг, гъæдикустгæнæг, лабораторон æртасæг æма æндæр бунæтти.**

* * *

Нæ республики цуппар æма цуппаринсæй фермерон хæдзаради æма дууæ гъæууонхæдзарадон фæлхасадон хæдзарадæн лæвæрд æрцудæй грантти хузи агъазгонд – æдеугурæй 301 миллион соми. Еци гъуддаг æнхæстгонд цæудзæнæй идарддæр дæр.

* * *

Цæмæй нæ республики скъолати ахурадзаутæн си гъæугæ фадуæттæ уа физикон културæ æма спортæй архайунæн, уой туххæй нæуæггонд цæунцæ материалон-техникон равгитæ. Нерæнгæ ба еци гъуддаг кæрæй-кæронмæ æнхæстгонд æрцудæй æртиндæс æма инсæй скъолайеми. Аци анз ба ма уотæ ефтонггонд æрцæудзæнæнцæ никки авд ахургæнæндони.

* * *

**Цæгат Иристонæй сæрмагонд æфсæддон операци æнхæсткæнуйнади рауæнтæмæ бабæй æрвист æрцудæй гуманитарон агъаздзийнадæ – хуайраг, гъар уæледарæс, кæдзосгæнæн фæрæзнитæ, уæдта æфсæддонти равгæ нивæбæл кæнунæн агъазгæнæг финстæгутæ.**

**Еци гъуддаг исаразунæн фадуæттæ исаразта Цæгат Иристони Богдан Хмельницкийи номбæл украинаг национ-културон æхсæнадæ «Славутич».**

**Аци хуæрзауодæн гъуддаги акций архайдтонцæ нæ республики Адæмти хæлардзийнади хæдзарæ, национ-културон æхсæнæдтæ, Дзæуæгигъæуккаг епархи, Колити Аксой номбæл киристон гимнази, скъола «Эрудит», 91-аг рæвдауæндонæ æма бархеуонтæ.**

## НÆ ЦАРДИУАГИ АХСГИАГДÆР ФАРСТАТÆ




# ХУАРЗ УНАФФÆН МА ХУАРЗ ÆНХÆСТГÆНÆГ ДÆР ГЪÆУЙ!..

Цæгат Иристони Сæргълæуууæг **Сергей Меняйлой** разамундæй адтæй Хецауади иуонгтæ æма муниципалитетти разамонгути алликъуæреуон радон аппаратон æмбурд.

Дзубанди цудæй нæ республики ахсгиагдæр фарстатæбæл. Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Томайти Ирбег** куд фегъосун кодта, утемæй абони уæнгæ хуæнхон территорити зæйтæ ракæлуни цаутæй тæссаг æй æма аци фарстамæ ведомствити ’рдигæй еудадзуг гъæугæ цæстдард ес.

Гъæууон цæрæнбунæттæ æрдзон газæй ефтонгкæнуйнади фæдбæл дзубандий рæстæг куд рабæрæг æй, утемæй аци фарста нерæнгæ лухгонд нæма æрцудæй Ирæфи райони Кæлух æма Дзинагъай. «Газпром Межрегионгаз Владикавказ»-и генералон директор **Хъодзати Алан** куд балæдæрун кодта, утемæй Ирæфи райони æнæмæнгæ баййевун гъæуй, æ дæргъæ 1,5 километри кæмæн æй, гази еци хæтæл. Еци гъуддаг конд ке нæма ’рцудæй, уой фудæй Дзинагъамæ газ нæ хъæртуй:

– Гази хæтæл æй райони администраций бæрни. Æ исаразуни проекти еуæй-еу рæдудтитæ уагъд ке ’рцудæй, уæдта коми дорти зæйтæ ахид ке ’рацæунцæ, уой фудæй æнæ газæй байзадæнцæ Дигоргоми хуæнхаг объекттæ. Ци æгъдауихæлдтитæ исбæрæг кодтан, етæ нин къулумпи кæнунцæ нæ архайд.

Сергей Меняйло аци æнæмæнгæ лухкæнуйнаг фарстай фæдбæл æмбурди архайгутæн зæрдæ байвардта, Мæскуй ке фембæлдзæнæй Уæрæсей Федераций «Газпром»-и директорти совети Сæрдар Алексей Миллери хæццæ. Аци анз гази фарста амунд хуæнхон территорити нивæбæлгонд гъæуама æрцæуа.

Æмбурди ма дзубанди рацудæй, Алагири райони дон æма Фиййагдони æнæзакъонæй зæнхитæй пайда кæнуни фарстатæ æнæлухгондæй ке лæуунцæ, уобæл дæр. Республики Сæргълæуууæг куд загъта, утемæй Фиййагдони цæргути гъастмæ ведомствитæ сæ цæстæ кæд æрдардтонцæ, уæддæр еци зæнхитæ æрахæсгутæй еуей-еуетæ сæ арæзтадæ идарддæр кæнунцæ хуæнхаг фæхстæбæл. Æма æ загъд адтæй:

– Нæ республики есбойнади министрадæн ихæс кæнун, айдагъ Фиййагдони нæ, фал ма æндæр рауæнти дæр æнæзакъонæй ци 50 зæнхи хæйттæ æрцудæнцæ ахæст, еци адæймæгутæбæл прокуратурæмæ гæгъæдитæ бацæттæ кæнун, исаразун объектти инвентаризаци дæр. Æма ма æ загъдмæ бафтудта:

– Кæд æма кæмæй балхæдтонцæ еци зæнхитæ, уой туххæй си байагоретæ бадзурди фæдбæл гæгъæдитæ. Цæгат Иристони хуæнхти фæхстæ дæр ма байахæстонцæ. Дзæуæгигъæуи дони станцæмæ хæстæг гъæди дæр 65 хаййи дæр иурст æрцудæнцæ. Бацæттæ кæнетæ прокуратурæмæ гъæугæ гæгъæдитæ æма аци æнæзакъон миутæн барадон хатдзæгти хæццæ кæрон искæнæн, багъæуаги сæбæл уголовон гъуддæгутæ дæр исараздзинан.

Махæн, мухури косгутæн ба, уæлдай æхцæуæн е æй, æма Сергей Меняйло аци æмбурди Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Плати Альбинæн** сæрмагондæй бафæдзахста республикон газеттæ рафинсуни гъуддагмæ гъæугæ æргом раздахун, æма, ци гæнæн æма амал ес, уомæй син фæййагъаз кæнун, байархайун сæ тиражтæ фæффулдæр кæнуни гъуддаги.

## ИСОНИБОНИ ПАЙДАЙÆН

# АГЪАЗИАУДÆР КÆНУНЦÆ РАВГИТÆ ÆМА ГÆНÆНТÆ

Хæстæгдæр æнзти нæ республики гъæууон хæдзаради, туризм æма транспорти къабæзти ци ахсгиаг проекттæбæл цæудзæнæй куст, уони фæрци 2030 анзи уæнгæ республики уæлæнхасæн байгон уодзæнæй авд минемæй фулдæр нæуæг косæн бунати. Уой туххæй фегъосун кодта Цæгат Иристони Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-службæ.

Фиццагидæр дзубанди цæуй, Цæгат Иристони идарддæри экономикон райрæзти программæмæ ци фондз агъазиау проекти æма еуæндæс дæлпроекти (сæ еумæйаг аргъ æй 65 миллиард соми) хаст æрцудæй, уонæбæл. Нерæнгæ куст цæуй еци проекттæн сæ зингæ хайбæл æма инвесторæ бал исхарз кодтонцæ 29 миллиард сомей бæрцæ. Уой фæрци республики фæззиндтæй уæлæнхасæн 800 косæн бунати.

Пресс-служби игъосункæнуйнагмæ гæсгæ, исаразуйнаг гъуддæгути ’хсæн сæрмагонд бунат ахæссунцæ туристон инфраструктури райрæзти проекттæ. Зæгъæн, паддзахадæ æма инвесторæ косунцæ комплекс «Мамисон», туристон кластер «Хуæнхон Дигорæ», фæлладуадзæн центртæ «Къæхтисæр» æма «Алани парк»-и. Еци æма иннæ проектти фæрци зингæ райрæздзæнæй Цæгат Иристони туризми къабази гъомусадæ.

Уомæн агъаз кæнуй республики транспортон инфраструктури ирæзт дæр. Зæгъæн, фарæ байгон æй аэропорт «Дзæуæгигъæу»-и нæуæг терминал (къари ’й æ бакаст). Уомæн æ гæнæн æй еу анзмæ 800 мин бæлццонемæн балæггадæ кæнун. Идарддæр куст цæудзæнæй аэропорт æма республики иннæ транспортон кустуæтти райарæзтбæл.



**Советон Цæдеси Бæгъатæр Барбашов Петр Парфени фурти райгурдбæл 4 феврали æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1919-1942).**

*кæдзосгæнæн фæрæзнитæ, дæргъвæтийнæ рæстæг æфснайдæй дарæн ке ес, уæхæн адгийнæгтæ, финстæгутæ æма æндæртæ. Мадзали архайун ке фæндуй, уони бон æй 23 феврали æмгъудмæ дзаумæуттæ бахæссун Дзæуæгигъæуи (Миллери гъæунгæ, 13) æма нæ республики еугур гъæуун районти партион хайæдти, бæстихæйттæмæ.*



## БИЙНОНТИ ТУХГИНДЗИЙНАДÆЙ ФИДИБÆСТÆ ДÆР ТУХГИН ÆЙ!..




# РÆСТВÆНДАГ КÆНÆ, БИЙНОНТИ АНЗ!..

Зундгонд куд æй, уотемæй **Владимир Путини** Указæй 2024 анз Уæрæсей нимад æрцудæй бийнонти Анзбæл. Æ нисан æй, цæмæй бийнонтæ æма нæ бæсти цæрæг адæмихæттити уодварнон хæзнатæ багъæуай кæнуни æма сæ идарддæри райрæзти фæдбæл паддзахадон политикæ бундорондæр æма æнтæстгиндæрæй æнхæстгонд цæуа. Укази куд амунд цæуй, уотемæй еци паддзахадон политики ба сæйрагдæрбæл гъæуама нимад æрцæуонцæ уодварни фæткон хæзнатæ, адæймаги царди ахсгиагдзийнадæ, сæребарæдзийнадæ æма бартæ, бийнонти федардзийнадæ багъæуай кæнуни ихæстæ.

Аци гъуддагмæ цæйбæрцæбæл агъазиау æргом æздæхт цæуй, уомæн æвдесæн æй е дæр, æма бийнонти Анз гъæугæ хузи рарветуни туххæй арæзт æрцудæй сæрмагонд дзуапдæттæг Комитет, æ разамонæг Уæрæсей Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Татьянæ Голикова**, уотемæй. Хецæнæй оргкомитеттæ арæзт гъæуама æрцæуонцæ еугур регионти дæр. Уæдта си гъæуама арæзт æрцæуонцæ бийнонти Анз райдайуни фæдбæл цитгингæнæн мадзæлттæ.

Æма бийнонти Анз райдайуни фæдбæл кадгин мадзал арæзт æрцудæй Цæгат Иристони дæр. Арæзт ба æрцудæй Тæбæхсæути Балой номбæл паддзахадон академион театри. Кадгин уавæри ’й байгон кодта нæ республики разамонæг **Сергей Меняйло**. Архайдтонцæ ма си республики Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис**, Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз**, Дзæуæгигъæуи администраций сæргълæууæг **Милдзихти Вячеслав**. Уордæмæ хунд æрцудæнцæ, республики ци берæ сувæллонгин бийнонтæ цæруй, бийнонти фарнæ кади хæццæ ка хæссуй, етæ дæр.

Мадзал игон кæнгæй Сергей Меняйло загъта:

– Алкедæр гъæуама æ зæрдæбæл дара æ фидтæлти уедæгтæ. Мах нæ хуæдбундордзийнадæ уæд багъæуай кæндзинан, æма, кæмæй рацудан, уой ку зонæн æма ’й ку нæ иронх кæнæн. Уомæ гæсгæ ба уæлдай устур æма ахсгиаг гъуддаг æй, Уæрæсей Федераций Президент уæхæн агъазиау æргом бийнонти фарстамæ ке даруй. Фиццагидæр зæрдæбæл уой дарун гъæуй, æма федар бийнонти ’хсæн гъомбæл кæнунцæ Фидибæстæбæл æновуд æма æ сæрбæлтау рæстуодæй архайæг, раст зундирахастбæл хуæст фæлтæртæ.

Бæласæ æ уедæгтæй куд федар æй, уотæ бийнонтæ дæр федар æнцæ сæ фарнæй, сæ муггаги анзфинститæй. Бийнонти медастæу хестæртæ сæ цæуæти ахур кæнунцæ уарзондзийнадæбæл, хæлардзийнадæбæл, кæрæдзебæл ауодундзийнадæбæл. Алли адæймагæн дæр дзурд «бийнонтæ» нисан кæнуй мади фæлмæн къохти рæвдуд, фиди рæстмæ фæдзæхститæ, нийиергути фæрци кæстæртæн сæ сабийдоги æнæмæтæ цард æма еугур хабæрттæ ’нцæ нæ цардарæзти еугур рæстæгути устурдæр хæзнатæ, кæцити фæрци цийфæнди уавæрти дæр уодзинан уæлахезон.

Цитгин мадзал рауадæй зæрдæмæдзæугæ, никки ба ма уомæй дæр, æма ’й сæ рæсугъд аййевадæй исфедаун кодтонцæ нæ республики аййевæдти зундгонд архайгутæ. Ка си архайдта, етæ ба зæрдиагæй загътонцæ: «Рæствæндаг кæнæ, бийнонти Анз!..»

### НÆКÆСИ



Фæстаг æнзти берæсувæллонгин бийнонти нимæдзæ Уæрæсей фæффулдæр æй 26 процентей бæрцæ, ци сувæллæнттæ си гъомбæл кæнуй, уони нимæдзæ ба 30 процентей бæрцæ. «Е хуарз бæрæггæнæн æй!..», – загъта Уæрæсей Президент Владимир Путин, æрæги ци Еугуруæрæсеуон форум «Хеуонтæ – уарзонтæ» арæзт æрцудæй, уоми æ радзубандий. Уоми ма уотæ дæр загъта: «Номхундæй бийнонтæ гъæуама уонцæ еугур паддзахадон политики бæрæгастæу. Мах архайгæ дæр уобæл кæнæн, цæмæй уотæ уа!..»

## ХЕЦАУАДОН ÆМБУРД ДИГОРИ РАЙОНИ



# НУРИ ÆНТÆСТДЗИЙНÆДТÆ – РАЗМÆЦУДÆН НИФСДÆТТÆГ

Цæгат Иристони Хецауади цæугæ æмбурди Дигори райони куд райгъустæй, уотемæй райони ирæзтæн аци анз радех кæндзæнæнцæ 1,3 миллиард соми. Министрти кабинет, сæ сæргъи – æ разамонæг **Дзанайти Барис**, уотемæй бакустонцæ Дигори райони.

Раздæр бал республики разамунд бабæрæг кодтонцæ Дур-Дури 2-аг скъола, объектмæ паддзахадон программæ «Гъæууон цæрæн фæзуæтти еумæйаг ирæзт»-мæ гæсгæ зелунцæ. Гъуддæгутæ кæронмæ конд æрцæуудзæнæнцæ 2024-2025 æнзти. Фæууидтонцæ къæлæстæ, спортивон зал, хуæруйнаг цæттæ кæнæн бунат.

Дигорай сахари Кокий-фурти гъæунги ци берæфатерон хæдзари нæуæг бæстихай фæззиндтæй, уой дæр фæууидтонцæ. Кæлæдздзаг цæрæнбунæттæй æрбалигъдæнцæ 100 адæймаги, гъома, 27 бийнонти. Цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради министр **Тамати Майрæн** куд радзурдта, уотемæй нæуæг цæргутæн хемæ æрбайсуни хигъдтæ исаразунмæ фæккæсдзæнæнцæ.

Хецауади Сæрдар ма бабæрæг кодта К. Маркси æма Акъой-фурти гъæунги ’хсæн центрон сквер. Е бантæстæй, Дигорай сахар еугуруæрæсеуон конкурси ке фæуууæлахез æй, уой фæрци. «Минкъий сахарти фадуатгин уавæртæ аразун»-и байахæста раззагдæр бунат. Сквер æнхæст æй гъæугæ уавæртæй, се ’нæнездзийнадæмæ гæсгæ сæ равналæнтæ цубур кæмæн æнцæ, уонæн си ес сærмагонд æрбацæуæнтæ, пандустæ.

Хецауадон балций рæстæг дзубанди цудæй Дигори райони социалон-экономикон ирæзти фарстатæбæл. Фарæ еугур бæрæггæнæнтæ дæр рауадæнцæ хиццаг. Промышленнон кустади индекс исхизтæй 109 процентей уæнгæ, гъæууонхæдзарадон продукций бæрцæ 21 проценти фæффулдæр æй, инвестицитæбæл бафтудæй 24 проценти, еумæйаг бюджети æфтуйæгтæбæл бафтудæй 28 проценти, рауадæнцæ 704 миллион соми.

Райони социалон-экономикон ирæзти программæ идарддæр дæр æнхæстгонд цæудзæнæй, уомæн дехгонд æрцæудзæнæй 1,3 миллиард соми. Дзанайти Барис куд фегъосун кодта, уотемæй тагъд бавналдзæнæнцæ Дур-Дури рæвдауæндони арæзтадæмæ, е скъолай цæуй райарæзт. «Црау-Фалдон»-и над дæр исцалцæг кæндзинан, Дигорай дони хизтæ дæр баййевдзинан. Бугъдæнтти фæзуæттæ райараздзинан. Æригон бийнонтæн фатертæ дæттуни программæ идарддæр æ куст кæнуй. Амалгъонадæн фæййагъази кæнуни федералон æма регионалон мадзæлттæй пайда кæнун гъæуй. Уордæмæ бахæссæн ес гранттæй агъаз, гъæууонхæдзарадон продукциуадзгутæн субсидитæ дæттун, социалон бадзурдтæ искæнун æма æндæр равналæнтæ. Уонæй Дигори район дæр гъæуама пайда кæна», – загъта Хецауади Сæрдар.

Дигори районi сæргълæууæг **Туккати Рустам** райарфæ кодта республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойæн** æма министрти кабинетæн, сæ районæн алливæрсуг агъазгонд ке цæуй, уой туххæй. Еумæйаг æмбурди рæстæг уоми архайæг еугур министртæ дæр радзурдтонцæ, сæ ведомствитæ Дигори районi циуавæр программитæ æма проекттæ æнхæст кæнунцæ, уæдта идарддæр циуавæр нисантæбæл бакосдзæнæнцæ, уой туххæй. Сæ алке размæ дæр Дзанайти Барис исæвардта бæлвурд ихæстæ æма сæ исæнхæст кæнуни æмгъудтæ.

***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

Еу мæгур лæг æлдари иуазæгуати æрбахонун исфæндæ кодта.

Рандæй имæ æхуæдæг хонæг. Æлдар ин уотæ:

– Кæд си мæнæй æлдардæр уа, уæд дæмæ нæ цæун.

– Нæ, нæ! – æ уодæй арт исцагъта мæгур лæг.

Æрбацудæй æлдар мæгури къæсмæ. Гъæздуг фингæбæл æй æрбадун кодта. Мийнасæ кæнун райдæдтонцæ. Уалинмæ иннæ уатæй сувæллони кæун райгъустæй.

– Æз дæ, мæнæй æлдардæр уæмæ ес, зæгъгæ, нæ фарстон?

– Е сувæллон æй, æлдар.

Сувæллон æлдарæй æлдардæр æй, зæгъгæ, æлдар исистадæй æма рацудæй хæдзарæй.

Аци таурæхъ, ка ’й зонуй, фегъустайайтæ, фал уин æй уæддæр уæ зæрдæбæл æрлæуун кодтан – уомæ гæсгæ æма нæ рагфидтæлтæмæ бийнонти федауцæ сувæллæнттæ адтæнцæ. Нури рæстæгути еци зундгиндзийнадæ уоййасæбæл нимади, гъулæггагæн, нæбал æй. Уомæн берæ дæнцитæ ’рхæссæн ес.




Дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг еугуруæрæсеуон центр уæрæсейæгти ’хсæн æрæги исаразта æрфарст, бийнонти ’хсæн цал сувæллони уа, зæгъгæ, уой фæдбæл. Ци адæми бафарстонцæ, уонæй алли дуккаг дæр (50%) тæккæ бæлдтагдæрбæл нимайуй берæсувæллонгин бийнонтæ. Сæ зингæдæр хаййи (76%) гъудимæ гæсгæ гъæуама гъæуайгонд цæуонцæ, æма нæуæг фæлтæртæн фæдзæхст цæуонцæ бийнонти цардиуаги æгъдæуттæ, фал кадæртæ ба (20%) уой æнæмæнгæ гъæугæ фæткæбæл нæ нимайунцæ. Æрфарст адæмæн сæ фулдæр хай нимайуй (78%) сувæллæнтти гъомбæладæбæл дзуапдæттæг фиццагидæр бийнонтæ ’нцæ.

**Фондз æма фондзинсæй анзей размæ (1919 анзи 4 феврали) В.И. Ленин бафинста унаффæ сувæллæнтти гъæуай кæнуни Совет исаразуни туххæй. Æ нисан – сабийти æвæгæсæгдзийнади нихмæ тох – æнтæстгинæй æнхæстгонд æрцудæй.**

***ТУЙГЪАНТИ Дзерассæ: «Æз алкæддæр сæрустур адтæн æма дæн, нæ минкъий Иристони уоййасæбæл берæ искурдиадæгин, бæгъатæртæ, федауцæ æма æхсаргин адæймæгутæ алкæддæр ке адтæй, уомæй. Уадзæ æма нæ фæсевæд алкæддæр уæнтæ нæ хестæр фæлтæрти кадæ æма намуси аккаг.***



ТУЙГЪАНТИ Дзерассæ

# Æ УОРС БÆХБÆЛ ÆРЗИЛДÆЙ ÆНÆГЪÆНÆ ДУЙНЕБÆЛ...

***Советон цирки номдзуд архайæг Туйгъанти Михал æмæ æ цардæмбал, цирки игъустгонд артисткæ Нинæн (æ кизгон муггаг – Никитас) ци агъазиау исфæлдистадон æскъуæлхтдзийнæдтæ бантæстæй, уони исонибонбæл куд нæ сагъæс кодтайуонцæ, куд нæ тухстайуонцæ, сæ гъуддаг син идарддæр ка хъæртун кæндзæнæй, уобæл.***

***Уомæ гæсгæ ба фуртмæ куд нæ бæлдтайуонцæ... Фал син нæ Исфæлдесæг ба исаккаг кодта дууæ кизги. Уонæй алкæбæл дæр куд нæ цийнæ кодтайуонцæ. Гъо, фуртæй сæ Исфæлдесæг кæд нæ фæххайгин кодта, уæддæр сæ кæстæри хуарзæй ба æнхæстæй фæййамондгун кодта, дууæ ниййерæгемæн заманай фадуат равардта сæ сагъæсти сæйраг нисанеуæг цæмæй исæцæг уа, уомæн. Кæд фуртмæ бæлдтæй, уæддæр син кизгæ ку фæззиндтæй, уæд Михали зæрдæ æгириддæр нæ фæссастæй. Æ кизгуттæй ин, цæмæдæр гæсгæ, адтæй устур нифс. Уæлдайдæр ба – кæстæрæй. Хумæтæги ин нæ равардтонцæ Нарти цитгиндæр силгоймаги ном – Дзерассæ, е Нартæн адтæй сæ Устур мадæ, царддæттæг мадæ.***

***Михали æ зæрдæ нæ фæссайдта – æ цард ци гъуддагæн иснивонд кодта, æма уойбæрцæ берæ æнзти дæргъи кæмæн фæллæггадæ кодта, уой æ кизгæ Дзерассæ æхемæ райста, æма 'й еци æнтæстгинæй идарддæр æнхæст кæнун байдæдта. Æма ин æнтæсгæ дæр берæ бакодта. Цирки бæхтæбæл джикитовкæмæ ци нæуæгдзийнæдтæ бахаста æма еци аййевадæ бæрзондæй-бæрзонддæртæмæ ке исиста, е æруагæс кодта дуйней еугур раугæнти дæр. Адтæй ин устур кадæ, хонгæ дæр æй кодтонцæ «Цирки уосæ – паддзах». Уой фæдбæл æй нæ абони дзубанди дæр...***

## «Дзерæ, бæхбæл рабадай... Дæ фиди кизгæ нæ дæ?»

Дзерассæн æ карнæ нæ Исфæлдесæг уотæ исбæлдат кодта, æма æ фиди кади туруса æхемæ райсгæй æй, идарддæр еци цитгинæй куд хастайдæ. Цирк уарзун æма уоми зин хъиамæттæ æновудæй бауарзун, æвæдзи, æ тоги адтæй. Дзерассæ æхуæдæг фæстæдæр, «Иристон», зæгъгæ, ци къуар исаразта, уой еудадзугондæр архайгутæй еу (æхсæз æма инсæй анзи си фæккуста) нæ республики æскъуæлхт артист Дзапарти Морат уотæ дзурдта:

– Æнæ уотæ уæн дæр ин, æвæдзи, нæ адтæй. Дзерассæ æ сувæллони бонтæй фæстæмæ исгъомбæл æй цирки. Еумæ ку бадианæ æма ку дзубандитæ кæнианæ, уæд берæ дессаги цаутæ æма хабæрттæ æримисидæ раздæриккон цирки цардæй. Еухатт ба мин ракодта мæнæ ауæхæн хабар: «Минкъий ма ку адтæн, уæд, ахид куд уидæ, уотæ бабæй мæ мæ мадæ æ хæццæ циркмæ репетицимæ æрбакодта. Уæд мæ фидæмæ ци бæхтæ адтæй, уонæй еу адтæй хъæбæр фудаг, æ ном дæр, куд фæззæгъунцæ, æхебæл – «Бандит». Е, дан, æхебæл саргъ исæвæрун нæ, фал бацæуун дæр, мæ фидæй уæлдай неке уагъта. Æз куддæртæй фæдздзæгъæл дæн цирки берæ къумти æма бафтудтæн бæхдонæмæ. Цудайдæ мæбæл уæд, æвæдзи, еу-цуппар анзей бæрцæ. Мæ мадæ ма уой фæсте дæр ахид æримисидæ еци цау, кæун, дан, байдæдтон, агорæн дæ æнæгъæнæ цирки, фал дæ нæбал ирдтан. Уæдмæ мæ фидæ, дан, агорæг бæхдонæмæ бауадæй, æз дæр – æ фæсте. Кæсæн æма «Бандит»-и къæхти буни фунæй кæнис. Бæх змæлгæ дæр нæ кодта. Кастæй дæмæ æдзинæг. Æз тарстæн, еци æзнæт бæх ку фесхъæтæг уа, ку дæ ниммара, æма зир-зир кодтон...»

Морат куд бафеппайдта, уотемæй Дзерассæ еци цауи кой ахид нæ кодта... Фал æй ку радзоридæ, уæд уой фæсте еуцæйдæрбæрцæдæр рæстæг æнæдзоргæй фæуидæ, æхе гъудити ранигъулидæ. Ка 'й зонуй, уæд уотæ хъæбæр ка фæттарстæй, хъæбæр æгæрон уарзтæй ке уарзта, æ еци мади æримисидæ – уæлдайдæр æхемæ уомæ гæсгæ нийгъосидæ, æма æ мадæ æверхъау мардæй ке фæммард æй...

Цæуæтæй ин айдагъдæр дууæ кизги ке исæнтæстæй, æвæдзи, уобæл исарази уогæй, уæддæр Михал уонæбæл æ зæрдæ дардта, гъома, мин кæд етæ мæ гъуддаг идарддæр хъæртун кæнонцæ. Уæлдайдæр ба – Дзерассæбæл. Куд æрæстæфтæй, уотемæй е æхцулдæр сæ кæд сагъæсти бафтудта, уæддæр нецибал загътонцæ кизги фæнди туххæй. Дзерассæ æнтæстгинæй фæлварæнтæ равардта Мæскуй Морис Торези номбæл фæсарæйнаг æвзæгти институтмæ æма иссæй, хъæбæр устур нимади ка адтæй, еци уæлдæр ахургæнæндони студенткæ. Æ ахури гъуддæгутæ куд æнтæстгинæй цудæнцæ, уомæ гæсгæ бæрæг адтæй: Дзерассæ федарæй равзурста æ царди идарддæри над.

Еу кæддæр Дзерассæ каникулти рæстæг Мæскуйæй рандæй Ленинградмæ – уæд уоми гастролти адтæй æ фидæ. Кизгæ дин еу хатт ку бацæуидæ циркмæ, репетицити рæстæг. Бауадæй, уотид, æ фиди раунинунмæ... Фал æй æ къах фæстæмæ нæбал хаста... Æ цæститæ нæбал иста бæхтæй...

Дзерассæ æхуæдæг уой фæсте куд имиста, уотемæй имæ уæд кадæр ку исдзоридæ:

– Дзерæ, бæхбæл рабадай. Гæрр, тæрсгæ кæнис, гæрр, дæ адтæй æ фиди кустбæл, бæхтæбæл. Фал минкъийтæбæл æма æ фæндитæй фудевгед кодта. Цæветтонгæ, мæнæ царди дæхецæн бæлвурд дæсниадæ равзарæ, зæгъгæ, еци карæмæ ку исхъæрдтæй сæ кизгæ, æ ниййергутæ уотæ æнгъæл ку адтæнцæ, гъома, мæнæ нур ба æрлæудзæнæй æ фиди арфиаг надбæл, равзардзæнæй уой, берæ арæхстдзийнадæ æма рауон-циуондзийнадæ, зунд æма зæрдæргъæвддзийнадæ кæми гъудæй, еци дæсниадæ.

Фал гъуддаг, ниййергути куд фæндадтæй, фиццаг уотæ нæ рауадæй. Дзерассæ хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ каст фæцæй дæс къласи Дзæуæгигъæуи. Æма дин æхецæн ку равзаридæ, æ мадæ æма æ фидæ æнгъæл дæр ке нæ адтæнцæ, уæхæн æндæр дæсниадæ. Е фиди кизгæ нæ дæ?..

Е дæр син еци æндиудæй ку загъидæ:

– Æгириддæр нæ тæрсун!..

Æ фидæй имæ цидæртæ ке хъæрдтæй, е рабæрæг æй, цума ин сæдæймаг хатт адтæй, уотæ цæрдæг æрбабадтæй бæхбæл. Бæхбæл арени æрзелæнтæ кæнгæй рауидта, æ фидæ имæ куд лæмбунæг кастæй æма си куд боз адтæй, уой.

Еци цæстингас ин искарста æ идарддæри цардвæндаги нивæ – уæд Дзерассæ, цума ин арви æрттивд фæннисан кодта æ карни иссонибон, уотæ 'й балæдæрдтæй: æнæ циркæй, æнæ бæхтæй ин фæццæрæн нæбал ес. Циркмæ æ алли бацуд дæр имæ бæрæгбон кастæй. Æма уоййадæбæл ниууагъта æ фæсарæйнаг æвзæгти институт æма ахур кæнунмæ бацудæй бæхти-спортивон скъоламæ.

Михал манежи æ зæрдиаг архайд ниууагъта 1962 анзи. Æ бæхти аттракцион равардта, сæрустур кæмæй адтæй, æ сæр бæрзæндти кæмæй хаста, цирки æ аййевадæ нæргæ ке цæрдзæнæй идарддæр, уомæй ин устур нифс ка адтæй, æ еци бæдолæ Дзерассæмæ. Кизгæ уæдмæ иссæй дæсни бæхбæлбадæг. Еудадзугдæр еци æнæзийнадæ æма æвæллайгæй архайдта æ дæсниади бундоронæй-бундорондæр арæхсунбæл, ци исни-сан кæнидæ, уомæ тундзтæй æдзæстхезæй, æхебæл нæ ауæрдгæй. Берæ фудæбон бакодта, «Иристон», зæгъгæ, ке исхудта, æ еци нæуæг национ аттракцион адæми тæрхонмæ рахæссуни размæ.

Дзерассæ æ аттракциони багъæуай кодта, æ фидæ хуæздæрæй ци исаразта, уони. Равардта син нæуæг цард. Бæхбæлбадгути архайдмæ, концерттæмæ бахаста æхе æргъудиконд нæуæгдзийнæдтæ. Æ дууадæс бæхбæлбадæги саусурх дарæси рæсугъд, æхуæдæг ба силгоймаги зæрдæмæдзæугæ уорс полцъий уотемæй, ратæхиуонцæ манежмæ, цæстифæнникъулдмæ райаразиуонцæ тæккæ вазуггиндæр трюктæ, æвдистонцæ бæхбæл бадуни уæлдæр скъола.

6

## НАМУСГИН – Æ ЦАРДВÆНДАГ, ÆНОСОН – Æ РОХС НОМ...



Туйгъанти Дзерассæ райгурдæй 4 феврали 1929 анзи цирки зундгонд артисткæ – советон бæхгин цирки бундорæвæргутæй еу Туйгъанти Михал æма уæлдæфон гимнасткæ Нинæ Никитаси бийнонти.

Астæуккаг скъола фæууни фæсте, Дзерассæ ахур кæнунмæ бацудæй Мæскуй фæсарæйнаг æвзæгти Морис Торези номбæл институтмæ. Райдайæнти бæхти спортмæ æмхиц нæ адтæй, фал уотæ рауадæй, æма æ царди сæйрагдæр гъуддаг иссæй цирки аййевадæ, уоййасæбæл си фескъуæлхтæй, æма æ алæмæти арæхстдзийнадæй æнæгъæнæ дуйнебæл райгъусун кодта æ фидтæлтиккон Иристон æма еугур Уæрæсей ном.

Дзерассæ æ фиди хæццæ 1951 анзæй фæстæмæ косгæй, 1962 анзи Дзерассæ бундор æрæвардта бæхбæлбадгути нæуæг къуар «Иристон»-æн. Еци исфæлдистадон къуари гастролтæ алкæддæр уиуонцæ советон æма фæсарæйнаг цирки аййевадæуарзгути бæрæгбон.

Æ æведуйгæ искурдиади туххæй Туйгъанти Дзерассæ хуарзæнхæгонд æрцудæй бæрзонд паддзахадон хуæрзеугутæй – лæвæрд ин æрцудæй Фæллойнадон Сурх турусай æма «Кади нисани» ордентæ. Исаккаг ин кодтонцæ Уæрæсей Федераций æма Цæгат Иристони адæмон артистки кадгин ном, иссæй цирки аййевади еугурцæдесон конкурси лауреат.

Дзерассæ æртинсæй анземæй фулдæр разамунд лæвардта исфæлдистадон къуар «Иристон»-æн, фал бæхбæлбадгути къуари хæццæ æ куст ниууадзгæй дæр, æ архайд нæ фæмминкъийдæр æй. Берæ æнзти ма зæрдиагæй кодта педагогон куст, цирки æригон артисттæн æнæвгъауæй лæвардта æ гъæздуг зонундзийнæдтæ æма æ фæлтæрддзийнадæ.

Туйгъанти Михали кизгæ Дзерассæ æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 2020 анзи 30 ноябри.



**_БРИТЪИАТИ Зарифи æвæрд спектакль «Отелло» Лондони ку равдистонцæ – уой дæр ирон æвзагбæл, – уæд ин силгоймаг-къарол Елизаветæ II искодта алæмæти устур аргъ, мадта Тæбæхсæуъти Балой исфæлгонцгонд Отелло ба нимад æрцудæй дуйней тæккæ хуæздæрбæл._**





# Æ ФИДИ ФÆНДÆУАГÆ КИЗГÆ

**_Ка ’й зонуй, ескæд ирон театралон режиссури туххæй бундорон æртасæн куст ку фæззинна, уæд си тæккæ зингæдæр бунат æнæмæнгæ æрхаудзæнæй фиццаг силгоймаг-режиссер Бритъиати Елбиздихъой кизгæ Зарифæмæ, куд нæ исфæлдистадон интеллигенций искурдиадæгиндæр минæвар, куд фиццаг ирон силгоймаг-режиссер. Уæззау, цийфæнди тухгин нæлгоймæгтæ дæр ниууодæнсун кæмæн нæ бафæразтайуонцæ, уоййасæбæл уæззау карнæ фæцæй æ хай, уой дæр æ исфæлдистадон архайд æ тæккæ тæмæни ку бацудæй, раст гъе уæд. Æ уодæй-уод кæмæн кодта, ке хуарздзийнадæн архайдта, еци дзилли ’хсæнæй кедæрти саузæрдити фæндæуагæй æй æ таурæхъти аккаг фиди хузæн æвудæй баййафта карз æфхуæрд... Æ разагъди фиди, нæ национ театрæн бундорæвæрæг Бритъиати Елбиздихъой хузæн. Æ фурзинæй силгоймаг фæннезгун æй... Уой хæццæ ба ма, цума ин еци гъезæмæрттæ фагæ нæ адтæнцæ, уоййау, кæд æма æ рæстдзийнадæ æрæгиау æнæгъæнæйдæр исбæрæг æй, уæддæр ин æ цардвæндаги кæрони бæнттæ ба æрветгæ рауадæнцæ иронхуати...**_

**_Царди æверхъаудзийнæдтæ кæд еске бавзурста, уæд уонæй еу æй Бритъиати Зарифæ. Уой ба, хуæрзсабий ма уогæй ин æ ирисхъæ æгæрон зæрдрист исаразта – æдеугурæй ибæл æртæ анземæй минкъий фулдæр цудæй, уотемæй æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй æ фидæ Елбиздихъо (1881-1923), нæ Иристони дзурддзæугæдæр лæгтæй еу. Ци уæззаудзийнадæ ’рцудæй сæ бийнонтæбæл, уой кизгæ æ карæмæ гæсгæ, ка ’й зонуй, æнхæст нæ лæдæрдтæй, уæддæр зæрдрист ба фæцæй. Еци уæззау цауæй райдæдта журналист Абайти Арбилянæ æ уац Бритъиати Зарифи туххæй, кæций мухур кæнæн мах дæр абони._**

* * *

Æверхъау дзурдтæ «Дæ фидæ рамардæй...» уайсахат фескъудтонцæ цуппаранздзуд кизги хейерхæфсæн архæйдтитæ. Ци æверхъаудзийнадæ ибæл æрцудæй, уой æ карæмæ гæсгæ, æвæдзи, æнхæст лæдæргæ дæр кæми бакодтайдæ, фал, ци ин загътонцæ, е ба ин æ зæрдæ уæддæр барæхуста цидæр æнахур тасдзийнадæй. Уайтæккæдæр фæуувагъта æ гъазæнтæ æма исмедæг æй сæ хæдзари... Æ фиди агорæг... Фал тургъæмæ адæмæй бацæуæн нæбал адтæй... Æма сувæллон никки хъæбæрдæр фæттарстæй, никкудтæй. Кадæр æй æ гъæбеси æрбатухта, уатмæ ’й бахаста, кедæр рæвдауæн дзурдтæмæ кæунвæллад сувæллон синхæгти талингæ уати бафунæй æй.

Некæдбал фæуудта æ фиди еци бонæй фæстæмæ. Æма ма ’й кутемæй фæуудтайдæ – æ уæлзæнхон царди фæстаг рæстæги уæззау незæй фæгъгъезæмарæ кæнгæй, е райевгъудæй, æрбаздæхæн кæцæй нæбал ес, æ еци æносон дуйнемæ. Уогæ Зарифæмæ ба уæддæр еудадзуг æрæздæхидæ – кæд æ фидæй уотæ минкъийæй фæххецæн æй, уæддæр сабийи зунд цидæртæ багъуди кодта. Æма æ цæститæбæл уадæй: стъоли уæлгъос бадгæй, цидæртæ финсгæй. Номдзуд лæг, ирон драматургий æма нæ национ театри бундорæвæрæг Бритъиати Елбиздихъой кизгæ ке æй, уой Зарифæ фæстæдæр базудта. Æма зæрди исæмбохиуонцæ, фæккæрæдземæ уиуонцæ аллихузон сагъæстæ: еуемæй, фурзинæй маст кодта, уæхæн нифсæй æнæхай ке фæцæй цæрæнбонтæмæ, иннемæй ба гъенцъун кодта тасдзийнадæй, гъома, уæхæн Фиди аккаг ку нæ разинна æ базурсаст кизгæ...

Елбиздихъой цардæмбал Ольгæ Казбеги æ цуппар седзæри фæххаста æхе кæдзосзæрдæ хъиамæтæй (Дзæуæгигъæуи куста дæндæгути дохтирæй). Евгъуд æноси 20-30-аг æнзти стонг ка нæ æййафта, фæрзеу адæймагæн æхецæн дæр ку нæ фагæ кодта, æма си æндæр ескæмæн дæр ма рахай кæнунмæ кæми ададзидæ. Фал Ольгæ æ цæуæти ахур кодта æмгæртти уарзунбæл, æма етæ сæ фæстаг къæбæр дæр дех кодтонцæ синхаг сувæллæнтти ’хсæн. Уой хæццæ ба син цæстигагуй хузæн гъæуай кодта сæ уоди кæдзосдзийнадæ, ахур сæ кодта рæстзæрдæ унбæл, хийнæдзийнæдтæ æма фæливддзийнæдтæй хе гъæуай кæнунбæл, дзурдта син: цийфæнди фудаг миуæ ку ракæнайтæ, уæддæр æй мæнæй ма баримæхсетæ, сайун тæрсаги менеуæг æй. Æма еци зундамунд æ зæрдæбæл бадардта Зарифæ. Мади уозæлдæй зæрди æлхийтæ райхалдæнцæ, æ зинтæ цума æ къахи буни фæккодта. Ольгæ кæд æ уарзон цардæмбалæй фудæнгъæл фæцæй, уæддæр æй æ сувæллæнттæн иронх кæнун нæ бауагъта – хæдзари æнæзингæй цардæй Елбиздихъой фарнæ. Æма еухатт, Зарифæ тифæй ку фæссæйгæ ’й, æ исдзæбæхбæл æхуæдæг дæр ку нæбал æууæндтæй, æ хъоппæгъ сау цæститæ кæунæй ку бафæлладæнцæ, уæд ин Ольгæ нифситæ æвардта:

– Ма тæрсæ, мæ къона, радзæбæх уодзæнæ, æцæг дæхебæл фæххуæцæ. Нези хæццæ хъазауатонæй тохун гъæуй. Дæ фиди нез æгъатирдæр адтæй, фал е æ гъазæн дзурдæй мах дæр зæрдфедар кодта. Бустæгидæр ку æруатон æй, уæддæр æ финсун нæ ниууагъта. Хъæбæр æй фæндадтæй, цæмæй ескæд æ пьесæ «Амран» сценæбæл фæууина.

Æ фиди коймæ Зарифæ æрсабур æй, дзорун æ бон нæ адтæй, фал æхе медæгæ искарста: «Æз дæр гъæуама уой хузæн нифсгун æма бухсагæ уон, цæмæй ин æ фæндæ исæнхæст кæнон».

Елбиздихъой цуппар бæдолемæй – Хадзимурат, Цопан, Ос-Бæгъатæр æма Зарифæ – скъоламæ раздæр Хадзимурат бацудæй. Зарифæ имæ хицæ кодта æма æ фæсте скъоламæ бахъæртидæ, æцæгхузæй къласи исбадидæ æма игъуста ахургæнæгмæ. Уотемæй скъоламæ бацæуни размæ базудта кæсун æма нимайун. Æ зæрдæ уæлдай æргъævд адтæй ирон литературæмæ. Къостай «Седзæргæс» фиццаг хатт ку бакастæй, стонг сабийтæ æ цæститæбæл ку рауадæнцæ, уæд æ цæстисугтæ фемæхстæнцæ. Уæд банкъардта æригон кизгæ аййев дзурди хъаурæ. Хуарз гъæлæс ин ке адтæй, кæсунмæ – хуæрзарæхст, уомæ гæсгæ ’й ирон литератури ахургæнæг Туати Ольгæ ахид ракæнидæ фæйнæгмæ – Къостай æмдзæвгитæ кæсунмæ. Е ’мкъласон кизгутти берæ нæ гъудæй, уайтæккæ сæ цæститæ рауомæл уиуонцæ. Зарифæн ба æ зæрди иссугъдæй, нерæнгæ ма нур рабæрæг æй, фал идард стъалуй хузæн рохс ка кодта, уæхæн бæллец.

Скъола фæуунмæ бæрæггонд адтæй æ идарддæри над: гъæуама сценæбæл æвæра спектакльтæ. Дессаг имæ кастæй æримисгæ буцæутæ, зæрди римæхст монцтæ æвзарун. Кæд царди алци адæймаги барæ нæй, уæд æримисгæ дуйней ба архайд ирæзуй бæлвурд фæткæмæ гæсгæ, æма архайди хецау ба ду дæхуæдæг – режиссер!

1938 анзи Зарифæ фæлварæнтæ равардта Мæскуй театралон аййевæдти паддзахадон институтмæ, æма ма кæми адтæй æхецæй амондгундæр. Сæ къурси разамонæг адтæй Алексей Попов – æмбесонди хæларзæрди хецау, искурдиадæгин режиссер æма актер. Е суденттæн амудта, зæгъгæ, аййевадæмæ ка бакъахдзæф кæнуй, уомæн сонт миутæ кæнуни барæ нæййес, гъæуама æ зæрдæбæл дара, æхсæнади бæрни ке бацудæй, уой. Зарифæ ахур кодта хъæбæр хуарз, иста Сталини стипенди, фал еу фæлварæнæй «цуппар» райста, æма ин стипенди нæбал равардтонцæ. Уой базонгæй, Попов фæдздзурдта къурси старостæмæ æма ин загъта: «Зарифæ стипенди нæбал есуй æма ин хъæбæр зин уодзæнæй. Мæнæ дин æхца, ести рæуонæй ин сæ радтæ». Зарифæ цалинмæ институт каст фæцæй, уæдмæ æ хуæрзгæнæги ном на базудта, уотæ æнгъæл адтæй, е ’мкъурсон ин æхе æхцайæй рауæлдай кæнуй, зæгъгæ. Фал кизгæ æ ихæс федунбæл ку ниллæудтæй, уæд рабæрæг æй, уæхæн æдзæстхезæй ин ке агъаз кодта æ ахургæнæг, уой. Берæ адæм байзайуй адæймаги зæрди, фал си æвзурст бунати ба айдагъ цалдæрей исæвæруй, уони хæццæ си фæккæнуй дзубанди æ зин сахатти. Уæхæн бунати æвæрд адтæй Зарифæн Алексей Попов дæр.

Фæстегæй райзадæнцæ ахури æнзтæ, исфæлдистадон изæртæ, аййевади фæдбæл буцæутæ, фæскомцæдесон æмбурдтæ. Зарифæ сæ еугуреми дæр архайдта разæнгардæй, адтæй фæскомцæдесон разамонгутæй еу. Зундгонд адæми хæццæ фембæлун дæр хъисмæти лæвар æй – хуæнхти хузæн бæрзонди байзадæнцæ ирон кизги зæрди номдзуд режиссертæ Завадский, Таиров, Михоэлс...

Куд хъæбæр бæлдтæй æригон режиссер Иристонмæ исæздæхунмæ, нæхе национ театрмæ, цæмæй уоми сценæбæл æвæстеуатæй æ зонундзийнæдтæ бавзара. Фал ин Устур Фидибæстон тугъд æ бæлдитæ исæнхæсти æмгъуд ниддаргъ кодта. Иннæ студентти хæццæ бавзурста тугъди рæстæги фудбæнттæ: къуæрегæйттæ, мæйгæйтти дæргъи къахтонцæ æгæрон гъæуайгæнæн къæхтитæ, æнхæст кодтонцæ хецауади бардзурд. Иннетæй раздæр некæд ниууагъта Зарифæ æ куст, фæразта биццеути æмбæрцæ. Æма куд нæ – е ’нсувæртæ æртемæй дæр тухтонцæ алли фронтти, хъæбæр сæрустур си адтæй, фæндадтæй æй уони аккаг ун, уæлахези бæллеццаг бон фæххæстæгдæр кæнун. Уой туххæй бацудæй радистти скъоламæ дæр, цæмæй æй еуафони тугъди цæхæрмæ багæлдзонцæ. Фал скъолай рауагъдонти айдагъдæр зонгæ районтæмæ æрвистонцæ, æма Зарифæ балæуудтæй Тифлиси, уæдта Дзæуæгигъæуи. Нур æхуæдæг иннети ахур кодта бастдзийнади аппаратури хæццæ. Фал ин амондæй нисангонд адтæй исфæлдистадæ æма аййевади уæлахезтæ.

Æригон ирон театри ибæл устур æхцæуæнæй исæмбалдæнцæ æ фиццаг фæлтæри фæсевæд: Таутиати Солæман, Цæликкати Маирбег, Къомайти Василисæ, Баллати Валоди, Дзуккойти Афассæ, Гусити Валоди, Борухъуати Барис, Магкати Арсен... Зарифæ имиста: «Алкедæр мин си агъаз кодта, æ бон цæмæй адтæй, уомæй. Æма уæд мæхецæн искодтон хумæтæги хатдзæг: нæ дæсниадæ æй коллективон. Еу адæймаги бон си неци бауодзæнæй.

7

***ТУЙГЪАНТИ Михал æма æ кизгæ Дзерасси фæсте байзадæй дессаги гъæздуг архивон æрмæгутæ. Æма тæссаг адтæй, етæ ку фæдздзæгъæл адтайуонцæ, уомæй. Хуарз æма аци дууæ номдзуд адæймагей фæдонти æновуд архайди фæрци етæ æрбунæттон уодзæнæнцæ сæ райгурæн Иристони, нæ республики Национ музейи.***

# Æ УОРС БÆХБÆЛ ÆРЗИЛДÆЙ ÆНÆГЪÆНÆ ДУЙНЕБÆЛ...


ТУЙГЪАНТИ Михал æ бийнойнаг æма æ кизги хæццæ.

Дзерассæ æма æ къуари иуонгтæ гастролти фæуууиуонцæ Советон Цæдеси, Уæрæсей, æнæгъæнæ дуйней хъæбæр берæ рауæнти. Æма уомити цæрæг адæмти зонгæ кодтонцæ æма деси æфтудтонцæ Иристони бæхти-спортивон аййевадæй. Иристони хуæнхти комиуолæфт сæ хъæртун кодтонцæ, æууæндун сæ кодтонцæ, ездондзийнадæ, æфсармæ, æгъдау, лæгдзийнадæ æма нифс ке 'нцæ нæ адæми сæйрагдæр менеугутæ, уобæл.

Æ кусти Дзерассæн федар цæгиндзæ алкæддæр адтæнцæ е 'мзæрдиуон, æмархайæг фæсевæд. Етæ уотид дæсни артисттæ нæ адтæнцæ, фал адтæнцæ берæ арфиаг менеугутæй æнхæст лæхъуæнтæ, Иристони кадæ æма ирон лæги ном ка сæрустур кодта се 'гъдау æма архайдæй, уæхæнттæ: Мамити Махарбег, Батиати Арсен, Гæдджинти Виктор, Дзобати Эльбрус, Дзапарти Мурат, Гугкати Руслан, Хъанухъти Таймораз, Хабати Цæра, Урумти Виктор, Майрæмухъати Руслан, Цъæхилти Олег… Етæ Дзерасси хæццæ кадгинæй идарддæр хъæртун кодтонцæ Туйгъанти намусгин династий намус, архайдтонцæ, цæмæй сæ бæхти ансамбль «Иристон» уа уой аккаг, сæхе нæуæг æнтæстдзийнæдтæй æй гъæздугдæр æма бæрзонддæр кæнонцæ. Етæ иссæнцæ еу бийнонти хузæн æнгом, кæрæдзебæл æновуд æма æхцул, кæрæдземæн адгин. Се 'хсæн еудзийнадæ федар æвæрд ке адтæй, аййевади æбæрæг бæрзæндтæмæ еци нифсгунæй ке цудæнцæ, кæрæдзей хуарз ке лæдæрдтæнцæ, æвæдзи, уой туххæй алкæддæр сæ къохи дæр æфтудæнцæ зингæ æнтæстдзийнæдтæ.

## «Хъæбæр хæларзæрдæ æма раст адæймагæй æй базудтон...»

Адæймагæн æ дæсниади цийфæнди æскъуæлхтдзийнæдтæ ку бантæса, цийфæнди бæрзæндтæмæ ку исхеза, уæддæр ин адæм ба уони нимайгæй дæр, æнæгъæнæй аргъ кæнунцæ, хумæтæг царди ци æй, дзиллити 'хсæн æхе кутемæй æвдесуй, уомæ гæсгæ. Туйгъанти номдзуд кизги артисттæй еу, Дзапарти Мурат, кæддæр финста: «Дзерассæ кусти фæдбæл гъуддæгути куд домагæ фæууй, уотæ æнæуой царди ба æй хъæбæр раст æма хæларзæрдæ адæймаг. Министри хæццæ – министр, хумæтæг адæймаги хæццæ – хумæтæг адæймаг. Еу кæддæр Хонсар Америки Аргентини гастролти адтан, æма мин Дзерассæ уотæ бакодта, цæуæн базармæ бауайæн. Еумæ куд рацудан, уотемæй тæккæ тегъæбæл рауидтан зæнхæбæл бадгæ еу мæгургорæг уоси. Æ рази – къопп. Æрлæудтан, æма нæ гæнæнтæ ци амудтонцæ, уойбæрцæ битир ин равардтан…

Нæ бон адтæй, нæхе неци уинæг искæнгæй, æ рæзти исевгъуйун – уогæ беретæ уотæ кодтонцæ. Фал уой нæ сæрмæ не 'рхастан, нæ ирон æфсарми сæрти рахезун æма еци мæгури не 'ргъуди кæнун. Идарддæр цæугæй дæр ма Дзерассæ катай кодта, мадта нур еци зæронд уосæ ци фæуууодзæнæй, кæми æрæхсæвеуат кæндзæнæй, зæгъгæ… Гъе уæхæн уоди хецау адтæй!..»



– Æвддæсанздзудæй мæ байагурдтонцæ циркмæ, – имиста Мурат. – Æма мин Дзерассæ иссæй мæ мади хузæн. Гъуди ма 'й кæнун, мæнæ даргъ дзиккотæ рауадзунбæл ку фæццалх æнцæ лæхъуæнтæ дæр, уæд æз дæр «фæсте нæ байзадтæн». Æма мин Дзерассæ мæ еци дæргъæй-дæргъæмæ дадалитæ исивазта, ани кæд рандæ кæндзæнæ, зæгъгæ. Уотæ мæ бафсæрмитæ кодта, æма мæ, кæд нæ фæндадтæй, уæддæр мæ еци «бæрцæ» уайтæккæдæр ралвидтон.

Нæ минкъий Иристон гъæздуг æй искурдиадæгин адæймæгутæй. Еци номдзуд адæймæгути рæнгъи 'нцæ, нæ адæмæн, нæ Иристонæн æносон кадæ ка искодта, етæ: Туйгъанти Михал æма æ искурдиадæгин кизгæ, Уæрæсей адæмон æма Цæгат Иристони адæмон артисткæ Туйгъанти Дзерассæ.

***Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта САКЪИТИ Эльбрус.***

**ПОЭТИЧЕСКОЕ ПОСВЯЩЕНИЕ**



**Ирина ГУРЖИБЕКОВА**

### *Исса Плиев на представлении джигитов Тугановых*

Кони топчут манеж.
Кони мчат невесомо.
И наездники дружно творят чудеса.
Это все так понятно тебе и знакомо.
Это все уже было с тобою, Исса.
Только кони неслись по горящему полю.
Только взрывы снарядов – не взрывы ладош.
Отлетают года, с их тревогой и болью.
Но от памяти разве уедешь? Уйдешь?
…Нет нарядных рядов. Нет улыбок актерских!
Возвращается память к привалам ночным.
Где, горячие, сохнут на ветру гимнастерки
И где снятся коням овсяные сны.
… Хороши скакуны, и наездники тоже.
Будто вверх их вздымает орел на крыле…
А вот паренек, вроде, был помоложе,
Тот, что спит в Ньиредьхазе, в венгерской земле.
… Пусть оваций волна так и хлещет из зала,
И джигиты почти растворяются в ней.
Но глаза их средь сотен найдут генерала,
Чья высокая слава их славы трудней.

**Æртæсæдæ анзей размæ – 1724 анзи Петр Фиццаги бардзурдмæ гæсгæ арæзт æрцудæй наукити Уæрæсейаг академи. Уой кадæн 8 февралий бæрæггонд цæуй Уæрæсейаг науки Бон.**

***ГÆБУТИ Жаннæ, Цæгат Иристони Тæбæхсæути Балой номбæл паддзахадон академион театри актрисæ: «Бритъиати Зарифæ театралон аййевади сосæгдзийнæдтæ рæдауæй ци фæлтæртæн амудта, уонæй некæд феронх уодзæнæй æ рохс ном. Мах си арфиаг ан – зундамонæг, нифсдæттæг нин ке адтæй, уой туххæй...»***



БРИТЪИАТИ Зарифæ Уруссаг драмон театри æригон артистти хæццæ.

# Æ ФИДИ ФÆНДÆУАГÆ КИЗГÆ

5

Гъæуама сценæбæл кæрæдзей лæдæргæй косонцæ актертæ, режиссер, композитор, хузæгæнæг».

1945 анзи Зарифæ исæвардта æ фиццаг спектакль «Талинги фембæлд». Спектакли фæсте адтæй еумæйаг æмбурд. Зарифæн æ зæрди гупп-гупп цудæй, æнгъæлмæ кастæй карз критикæмæ. Фал спектакль хуарзбæл банимадтонцæ:

– Режиссери нисан адтæй персонажти æнкъарæнтæ раргом кæнун, æма е Зарифи къохи бафтудæй. Арф гъудигæнæг ке 'й, е дузæрдуггаг нæй, – загъта æмбурди радзубандигæнгутæй еу – Еленæ Маркова. Дзурдтонцæ е 'мгустгæнгутæ, аргъ ин кодтонцæ æ фиццаг кустæн Тотрати Бесæ, Дзукъати Аннæ, Мерденти Юри, Хъариати Тамарæ, Маринæ Литвиненко.

Цал æма цал хъисмæти, характери, сценикон буцæуи равзурста уæдæй фæстæмæ Зарифæ. Æ спектакльти нимæдзæ сæдей уæнгæ исхизтæй. Уони хæццæ, ирон театрæн ном æма цæсгон ка искодта, еци агъазиау куститæ: Къостай «Фатимæ», Шекспири «Отелло», «Дууадæсæймаг æхсæвæ», «Ромео æма Джульеттæ», Плити Гриси «Чермен», «Æууæнкæ», Дæбей «Æфхæрдти Хæсанæ», Туати Дауити «Мæрдтæйдзæуæг», М. Горькийи «Содзгæ зæрдæ», «Æвудæй фудгинтæ», Ф. Шиллери «Мария Стюарт», Ж.Б. Мольери «Тартюф», Саламти Къолай «Дууæ киндзæхсæвæри», Уруймæгти Езетхани «Знæгтæ». Исæнхæст кодта æ фиди фæндæ дæр, исæвардта ин æ пьеситæ «Амран» æма «Дууæ хуæри». Устур исфæлдистадон æнтæстити туххæй 1960 анзи Мæскуй ирон литературæ æма аййевади дæсниади театри сæйраг режиссер Бритъиати Зарифæн лæвæрд æрцудæй Сурх Турусай орден.

Еу рæстæги (60-аг æнзти) нæ республики Уруссаг театрти куст зингæ фæллæмæгъдæр æй. Æма си уæд сæйраг режиссерæй нисангонд æрцудæй Зарифæ. Е æрæстæфтæй репертуари лæмæгъдзийнадæ æма байархайдта æ фæххуæздæр кæнунбæл, фæд-фæди исæвардта цалдæр романтикон-интеллектуалон пьеси. Æма театри кадæ нæуæгæй фæббæрзонд æй, актертæ сæхебæл исхуæстæнцæ. Театр ба идзаг кæнун райдæдта аййевадæуарзгутæй. Режиссери уодуæлдай куст фæззиндтæй театрбæл, æ спектаклътæй еуемæн – Уруймæгти Езетхани «Перед грозой»-æн исаккаг кодтонцæ Хетæгкати Къостай номбæл премиа.

Зарифи фæстæдæр хонун райдæдтонцæ æндæр театртæмæ дæр. Ци æй нæуæг театр, нæуæг спектакль? Сæ алкæцидæр – исфæлдистадон тох, нæуæг аййевадон фæрæзнæ æма нæуæг уæлахез. Састи бунати нæ байзадæй ирон режиссер, æууæнки аккаг разиндтæй æ берæвæрсуг искурдиадæ, Цæцæн-Мæхъæли театри, Болгарий, сахар Кырджалий театри спектаклътæ æвæргæй дæр. Грознай исæвардта М. Солцаеви пьесæ «Борьба», Кырджалийи – Хъайттати Сергейи «Мади зæрдæ». Се 'нтæстдзийнæдти туххæй еци æнзти финста мæскуйаг журнали «Театр», болгайраг газети «Народная культура». Кырджалийи театри директор Теофана Текелиева финста Зарифæмæ: «Ваша постановка, как видите, имеет полный успех. Мы очень рады этому и надеемся сохранить ее на долгие годы».

Уæлтæмæн æма æнтæстдзийнадæй рохс бæнттæ, мæйтæ, æнзтæ. Зарифи дзурдæн алкæддæр уæзæ адтæй. Æ кусти, театри гъуддæгути еугур фæззелæнтæ дæр уотæ хуарз зудта, æма æ унаффæбæл, феппайуйнæгтæбæл арази адтæнцæ мæскуйаг театрти дзурддзæугæ архайгутæ дæр. Уомæн æрцудæй æвзурст æма берæ æнзти фæккуста Еугуруæрæсеуон театралон æхсæнади цæгатиристойнаг хайади сæрдарæй. Цæмæй æ бон адтæй, уомæй æнхæст кодта республики театри косгути социалон домæнтæ, æнæ дзуаппæй некæд неке раздахта. Зарифæ Тæбæхсæути Балой туххæй ци дзурдтæ финста – «Ирон театри Бало ке фæззиндтæй, е ин адтæй Хуцауи лæвар» – уони зæгъун гъæуй Зарифæн æхецæн дæр. Уомæн æма режиссер æй ирон театри историй бæрæгдаргæ хай. Е 'нoвуд кустæй е тох кодта æхсæнади царди гъæнтæ æма хæрæнтти хæццæ, адæймаги уодæфхуæргути хæццæ.

Гъо, фал фудæнхæ æносон æй æма æ азарæй басугъта кæдзосзæрдæ Зарифи дæр, исфæлдистади рохс риндзæй æй ниггæлста фудæнхи тармæ. Шекспири Отелло æма къарол Лири хузæн, нæрæмон Чермени хузæн Зарифæ æхе уодбæл бавзурста æнаккаг адæймæгути æфхуæрд, æмгæртти мæнгарддзийнадæ. Бустæги æвудæй æй ахæстдони бакодтонцæ, байстонцæ ин æ паддзахадон хуæрзеугутæ, æ намус ин исæвдулдтонцæ цъифи. Е 1937 анзи нæ адтæй, фал 1980-аг æнзти.

Еци аллайаг, æнаккаг гъуддаг ирон интеллигенци гъæуама кади гъуддæгутæй нихсна. Уогæ син Зарифæ ниххатир кодта æ кæдзос, æнæхийнæ уоди фарнæй. Æ трагеди Шекспири трагедитæй фуддæр разиндтæй. Фал æй некема ниффинста, неке зæрдæмæма багъардта. Аййевади арвмæ базурведарæй ке рарвиста, æ зæрди цæхæр кæмæн не 'вгъау кодта, уонæй æ фарсмæ неке æрбалæудтæй цалдæремæй уæлдай. Æ бафхуæргути намус – мæрдфунæй. (Уæддæр рæстзæрдæ адæймæгутæ разиндтæй, æма Зарифæ цардæй ку рахецæн æй 2001 анзи, уæд байархайдтонцæ, æма нигæд æрцудæй Намуси Аллейи).

Арфиаг уæнтæ, Зарифи зæрдæ æма искурдиадæн устур аргъ ка кодта, еци номдзуд лæгтæ: Михаил Ульянов, Рубен Симонов, Георгий Товстоногов, Андрей Попов, Василий Лановой. Етæ ниффинстонцæ сауæнгæ Брежневмæ, фал сæмæ игъосæг нæ фæцæй. Фæстæдæр æхуæдæг финстæг рарвиста Расул Гамзатовмæ: «Помогите мне добиться правды, ни один факт обвинения не доказан. Как сказал прокурор на суде, основанием для обвинения послужили показания секретаря-машинистки ВТО. Для их получения были применены шантаж и угрозы, в чем она призналась на суде. А еще были сфабрикованы в угоду некоторым работникам ОБХСС и прокуратуре бухгалтерская ревизия и экспертиза.

Причины обвинения и лишения свободы никому не понятны, а происходящее со мной – чудовищно...

Мне 65 лет, из них 43 года я служила искусству честно и бескорыстно...

Меня обвинили в воровстве, и это надругательство не только надо мной, человеком, подошедшим к финалу своей жизни, но и над законностью, правдой и справедливостью. Но даже теперь, когда надо мной, как дамоклов меч, висят 12 лет тюремного заключения, я не теряю веру в то, что правда восторжествует.

Я уверена, что Ваш голос сыграет решающую роль...»

Æма ирон силгоймаг нæ фæррæдудæй – авайраг курухон лæг Расул Гамзатов ин æ уоди рист æ зæрдæмæ хæстæг райста, æ бон цидæриддæр адтæй, уомæй байархайдта, Зарифи æвудæй бафхуæргæй, ци æверхъау рæдуд арæзт æрцудæй, уой исраст кæнуни фæдбæл. Расули фæрци е, цуппар анзи æма æхсæз мæйи кæми фæгъгъезæмарæ кодта, Амрани зинтæ кæми бавзурста, еци ахæстдонæй уæгъдæгонд æрцудæй. Уордигæй рацæугæй, æнгъæл ун æнгъизтæй, æма æнæгъæнæ дуйнемæ дæр ниффуд уодзæнæй, е 'дзæсгон бафхуæргутæй æ мæститæ есун байдайдзæнæй. Фал æ зæрдихатти кæдзосдзийнадæ айдагъ уомæй дæр рабæрæг æй, æма, кæд цийфæнди мæститæ бавзурста, уæддæр син сæттун нæ бакумдта, бафæразта син æма ниуудæнстæй, удæй разиндтæй æ фидæ Елбиздихъой хузæн федар, æма загъта: «Амонд мæмæ зулун цæститæй нæ ракастæй, цæрæнбæнтти мин агъаз кодта мæ уарзон кусти...»

...Аци дессаги искурдиадæгин æма уодикондæй хъаурæгин æцæг ирон силгоймаг, гъулæггагæн, не 'хсæн нæбал æй (æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 2001 анзи 29 августи), фал уæддæр, зæгъун æнгъезуй, не 'хсæн æй, нимайæн æй не 'мдогонбæл, уомæн æма е нæ национ культури, бæлвурддæрæй ба нæ театралон аййевади райрæзти сæрбæлтау ци агъазиау хуарздзийнæдтæ исаразта, етæ абони дæр цæрунцæ æма агъазгæнæги хузи бæрæг дарунцæ нæ исфæлдистадон коллективти архайдбæл. Уомæ гæсгæ ба нæ бон æй федарæй зæгъун: «Цæрæд æностæмæ, ирон адæми уодигъæдæ, зунд, фарни бæрзонддæр риндзитæй еу – Бритъиати Зарифи ном!..»

***АБАЙТИ Арбилянæ***



Цæгат Иристони делегаттæ Советон Цæдеси Компартий съездтæй еуеми. Галеуæрдигæй фиццаг бадуй БРИТЪИАТИ Зариффæ.

**Номдзуд химик, ахургæнæг, æхсæнадон архайæг, Петербурги академий иуонг – корреспондент Менделеев Дмитрий Ивани фурти райгурдбæл 8 феврали æнхæст кæнуй дæс æма фарастинсæй анзи (1834-1907).**

*Чайные пакеты, особенно пирамидальные, предназначенные для элитных сортов, опасны тем, что при заваривании выделяют большое количество частиц нанопластика. Эксперименты доказали, что их накопление в крови, печени и почках приводит к онкологическим патологиям. И если постоянно пить такой чай, риски могут быть вполне серьезные, предупреждает доцент Государственного университета просвещения А. Созыкин.*

НАЦИОН АЙЙЕВАДÆ

# ДЕСТИ ÆФТАУÆГ РАВДИСТ



КЪОРНАТИ Владимир

Адæймагмæ æрдзæй искурдиадæ ку уа, уæд абони уа, исон уа, уæддæр ин еу афони æнæрайхалæн нæййес. Хулуй согтæ цийфæнди бæрцæ ку фæссодзонцæ цъисцъисгæнгæ, уæддæр еу афони ба испæрт кæнунцæ æма ниггупп ласунцæ арти æвзæгтæ. Донæн æ сæр цийфæнди бæзгин ех дæр ку æрæхгæна, уæддæр уой бунæй дæр æ хæл-хæлæй нæ банцайдзæнæй. Уотæ 'й искурдиадæгин адæймаги гъуддаг дæр. Лæг æ медуод фæрримæхсуй дзæвгарæ рæстæгути æ цæхæрзæрди æрдæфæнтæ, фал син еу усми ба æндæмæ æнæ ратонæн нæбал фæууй.

Æцæгæйдæр уотæ ке æй, уомæн æвдесæн, нæ республики Национ наукон киунугæдони равдистити зали æрæги ци аййевадон мадзал арæзт æрцудæй, е дæр. Ами байгон æй хумæтæг хузæгæнæг ке фæххонунцæ, фал Хуцауи æцæг зингæй ба æнæхай ка нæ фæууй, уæхæн хузæгæнгутæй еу, **Къорнати Владимири** кустити персоналон равдист «Хуарæн цъæпой алæмæтдзийнадæ».

Къорнай-фурт аййевадæуарзгути тæрхонмæ рахаста æртиндæс æма дууинсæй хузæконди. Ами байеу æнцæ аллихузи жанртæ: æрдзи нивтæ, портреттæ, натюрморттæ æма къохæй амайгæ куститæ.

Хузæгæнæг кутемæй исдæ, зæгъгæ, Къорнати Владимири ку бафарстан, уæд нин дзуапп равардта: дæс æма æртинсæй анзи мæбæл ку исæнхæст æй, уæд пенсимæ рацудтæн æма мæхе рахаттон мудибиндзитæ даруни кустмæ. Уæдæй нурмæ мæ цардиуаги фæткæ еугæндзон æй: сæрди мудибиндзити хæццæ архайун, зумæги ба – хузтæ кæнун.

Æ рæстæги Къорнай-фуртæн косгæ рауадæй идард Африки (Гвинейи), уомæ гæсгæ ба африкайнаг темæ æ зæрдæмæ уæлдай хæстæгдæр лæуд æй. Африкæ цæруй айдагъ æ хузти нæ, фал ма æ къохæй амайгæ кустити дæр. Хузæгæнæг аразуй аллихузон игъодитæ гъæдæй.

– Æ куститæ кæд асæй уоййасæбæл устур нæ 'нцæ, уæддæр æнцæ берæвæрсугон, – зæгъуй аййевадæртасæг **Остъати Татьянæ**. – Еу хузæгонди байеу унцæ цалдæр теми. Зæгъæн, еци-еу хузи фæууинæн ес хуæнхти рæгътæ, къæдзал-мудзултæ рауæн уайæг цæугæдон, деденвæлуст игуæрдæн, бæлæстæ, цæрæгойтæ… Алли дзаумауи дæр – дор уа, кæрдæг уа, е бæласæ уа – æ бон æй уоди рохсдзийнадæ бауадзун.

Равдисти Къорнай-фурти исфæлдистади туххæй сæ гъудитæ загътонцæ аййевадæртасæг **Гæздæнти Зарæ**, скульптор **Дзбойти Михал**, Уæрæсей адæмон хузæгæнæг **Келехсати Магрез**, хузæгæнгути Цæдеси сæрдар **Мæргъити Таймураз**, Уæрæсей хузæгæнгути Академий кадгин иуонг **Николай Хлынцов**, хузæгæнгутæ **Гасинти Жорж**, **Цогъойти Эльбрус** æма иннетæ.

Къорнати Владимир айдагъ хуæдахур хузæгæнæг нæй, фал ма æй æхсæнади разæнгардæй архайгутæй еу. Уомæ гæсгæ мадзали архайдтонцæ Дзæуæгигъæуи бунæттон хеунаффæйади администраций æма районти администрацити минæвæрттæ дæр. Ка си радзубанди кодта, уонæй еу адтæй Дигори райони культури управлений сæргълæууæг **Наталья Магомедова**. Мадта Дзæуæгигъæуи ахуради управлений сæргълæууæги хуæдæййевæг **Къорнати Арсен** ба сæрустурæй куд баханхæ кодта, уотемæй Къорнати Владимир муггагæн нуртæккæ æй сæ хестæр, уомæ гæсгæ нин уæлдай æхцæуæндæр æй, аци равдист ке байгон æй, е.

Равдист байгон кæнуни рæстæг адæми зæрдитæ сæ аййевадæй барохс кодтонцæ Дигорай адæмон инструментти ансамбль. Адæмон музыкалон аййевадæ дæр коммæ баст ке æй Къорнати Владимири исфæлдистади хæццæ, уомæн еци цæгъдтитæ адтæнцæ уæлдай хуæздæр æвдесæн.

## «АДÆМ БА ДИН ЗÆРДИАГÆЙ ТАБЕДЗÆ КÆНÆНТÆ!..»

**Дзбойти Михал,**
**Цæгат Иристони адæмон хузæгæнæг**



Киристонгъæуи Къорнати Валоди кæми цардæй, еци цæрæнбунати тургъæмæ бафтуйгæй, адæймаг дести бацæуй: ами хумæтæг лæг нæ цæруй, æ тургъæ 'й фæлладуадзæн парки хузæн! Валоди æ рæстæг дзæгъæли не 'сафуй. Берæ косуй æ уадзимистæбæл. Дессагæй æвдесуй нæ адæми уодигъæдæ, нæ алфамбулай æрдзæ, Нарти кадæнгитæ! Адæми зæрдæмæ æ куститæ хъæбæр цæунцæ. Нур цалдæр равдисти исаразта æ куститæй. Еу си иннемæй дессагдæр!.. Уотæ, мæнæ ин æрæги Дзæуæгигъæуи Национ наукон киунугæдони ци равдист байгон æй, е дæр.

Хъæбæр æхцæуæн мин адтæй, равдистмæ берæ адæм ке 'рбацудæй, никки æхцæуæндæр ба мин е адтæй, æма етæ еугурæйдæр цæмæдестæгæнгæй зонгæ кодтонцæ Къорнай-фурти хузти хæццæ, зæрдхæлар аргъ син кæнгæй. Æма исфæлдистадон адæймаги ба уомæй хуæздæр ма ци гъæуй!..

Валодий хæццæ лимæн ан. Æ уадзимистæй мин еу «Уасгергий хузæ» балæвар кодта. Мæ хадзари еу уати фарсбæл ауигъд æй. Равдисти алли куст дæр зæрдæмæдзæугæ 'й, фал си æз мæхецæн тæккæ хуæздæрбæл банимадтон сæ еуей «Идиллия», зæгъгæ, æ ном. Кæсæ имæ æма уотæ æнгъæлдзæнæ, цума дæ алливарс дæр идилли ес!

Валодий хузæнттæ ку уиуонцæ адæм сæ еугурдæр, уæд тугъдæн, æма æндæр цардихалæн фудбæлæхтæн сæ кой дæр нæ уидæ. Дуйнебæл уидæ дзенет æма сабурдзийнадæ.

Нæуæг анз ралæудтæй, æма, Валоди, мæ зæрдæ дин зæгъуй берæ хуарздзийнæдтæ, æнæнез, æнæфидбилиз уæд дæ цард. Берæ ма дин бантæсæд! Адæм ба дин зæрдиагæй табедзæ кæнæнтæ! Берæ цæрæ!..

**Дæ лимæн Дзбойти Михал.**



СМЕЯТЬСЯ, ПРАВО, НЕ ГРЕШНО

– Помнишь, я сегодня утром бегала по квартире с радостным криком: «Ура! Я наконец-то нашла ключи!»?

– Ну да.

– Ты не видел, куда я их после этого положила?

* * *

**Судья:**

**– А теперь, подсудимый, расскажите нам, почему, проникнув в дом, вы взяли вещи и деньги, а коллекцию бриллиантов не тронули?**

**Подсудимый:**

**– Ну хватит издеваться, господин судья! Меня жена дома уже задолбала этим вопросом.**

* * *

Экзамен в сельскохозяйственном институте:

– Вы – директор совхоза, и у вас опять неурожай. Какие объективные причины вы представите в свое оправдание?

– Ну, плохие погодные условия…

– А что-нибудь поновее?

– Ну, забыли посадить…

* * *




* * *

**– Алло, Галя, а ты где хочешь побыть: на море или в лесу?**

**– Ой, ну конечно на море, Гриша! А ты что, путевки берешь?**

**– Да нет, выбираю освежитель воздуха для туалета…**

* * *

– Сема, я слышал, ты опять женился?

– Да, на Софочке.

– Это что, сестра твоей первой жены?

– Да, просто я к теще уже привык…

* * *

**Катаясь на американских горках с учительницей русского языка, дети узнали много исключений из правил.**

* * *

– Меньше знаешь – крепче спишь.

– Странно, что ты вообще просыпаешься.

* * *

**Девушка, а можно с вами познакомиться?**

**– Откуда я знаю, можно вам или нельзя? Спросите у своей мамы.**

* * *

– У нас сложилась очень сложная ситуация, и поэтому нам надо продумать алкоритм ее решения.

– Может, алгоритм?

– Нет.

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 219**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 02.02.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 02.02.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**